

20 septanm 2020

Chè fanmi,

Li te vrèman enteresan pou nou akeyi elèv nou yo retounen nan salklas yo semèn pase a, kote nou konstate kè kontan sou figi yo pandan finalman yo t ap retounen nan aprantisaj anpèsòn avèk pwofesè yo ak kamarad klas yo! Sa a se yon tan trè espesyal, epi n ap fè tout sa ki posib pou asire tout moun nan lekòl nou yo rete an sekirite ak an sante.

Mwen envite w pou pataje eksperyans enkwayab premye semèn lekòl la avèk mwen nan videyo sa a (vimeo.com/609642752/70f8506d67) ki kapte eksperyans nou nan retwouvay atravè vil la.

Anplis mezi sante ak sekirite nou rezime sou paj entènèt ane lekòl 2021-22 nou an (schools.nyc.gov/homecoming), n ap fè de ajisteman enpòtan nan pwotokòl COVID-19 nan lekòl nou yo:

- **Tès chak semèn.** Apati Lendi 27 septanm, DOE ap ogmante tès oaza COVID-19 nan tout lekòl primè, presegondè, ak segondè pou elèv ki nan klas 1-12yèm ane kote kounye n ap fè tès yo chak semèn olye chak de semèn. Se elèv paran yo bay yon fòm konsantman tès ki ajou nan lekòl yo sèlman nou ka teste. Nou ankouraje w bay konsantman sa a pou pitit ou si ou poko fè sa. Si ou te deja remèt yon fòm konsantman tès pou ane lekòl 2021-22 a, fòm konsantman sa a rete an efè. Si ou poko remèt konsantman ou, ou ka fè sa nan youn nan de fason sa yo:
 - Ou ka ranpli fòm lan nan kont lekòl NYC (NYCSA) ou a: schoolsaccount.nyc oswa
 - Download fòm lan sou entènèt nan schools.nyc.gov/covidtesting epi pote fòm lan lè w fin ranpli l nan lekòl pitit ou a.
- **Règleman pou karantèn ki ajou.** Epitou apati Lendi 27 septanm, an akò avèk dènye konsèy ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), nou p ap fèmen yon salklas ann antye ankò lè gen yon ka pozitif nan salklas la. Yo p ap konsidere elèv ki pa vaksinen ki mete mask epi ki nan omwen distans twa pye avèk yon elèv ki teste pozitif kòm kontak pwòch dapre konsèy CDC epi yo pap gen pou ale nan karantèn. Nouvo règleman sa a aplike pou tout elèv ki nan nenpòt klas.

Vaksinasyon se etap ki pi enpòtan nou ka pran pou pwoteje fanmi nou ak kominote nou yo kont COVID-19. Pou pwoteje timoun ou yo ak kominote lekòl yo, nou egzije pou tout estaf lekòl DOE pran vaksen kont COVID-19 — avan 27 septanm, tout estaf ap resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19. Pou pran yon randevou vaksinasyon pou tèt ou, oswa pou elèv elijib ou a ki gen laj 12 ane oswa plis la, tanpri ale nan vaccinefinder.nyc.gov.

Nou pral kontinye pataje tout sa n ap fè pou kenbe pitit ou an sekirite. Ane lekòl nou an kote nou tounen ansanm lan deja byen kòmanse, epi mwen pa ka tann pou wè elèv ou yo boujonnen ak grandi ane sa a pandan y ap aprann ansanm avèk kanmarad yo.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk